# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–10 अक्टूबर 2024 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर में महाराणा प्रताप शिक्षा परिषद की ओर से चलावल जा रहल महाराणा प्रताप इंस्टिट्यूट ऑफ टेक्नोलॉजी के पहिला बैच क नया प्रवेस लिहल विद्यार्थियों के साथे संवाद कइलें। येह मौका पर उहां के छात्रन के संबोधित करत कहलें कि ज्ञान विज्ञान अउर तकनीकि भारत के डीएनए में हवे। अपार संभावना से भरल देस के नौजवानन की ओरि आजु पूरा दुनिया नया ओम्मेद से देख रहल हवे। आवे वाला समय भारत क हौ। अइसने में युवा, संघर्ष से आपन राहि बनावे, सफलता ओनकर कदम चूमी। श्री योगी विद्यार्थियन के प्रेरित करत कहलें कि आजु उत्तर प्रदेस रोजगार क बड़हन हब बनि रहल हवे। प्रदेस आजु  के तकनीति दौर क अहम जरूरति सेमी कंडक्टर क हब बनले के दिसा में बहुते आगे बढ़ि चुकल हवे। येह में सोझे निवेस के साथे कई गुना चक्रीय निवेसों हो रहल हवे।

**********

सारदीय नवरातर के मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु देवीपाटन शक्तिपीठ पहुंच के माँ पाटेश्वरी क दरसन पूजन कइलें। गौसाला पहुंच के उहां के गउ सेवा कइलीं अउर मंदिर परिसर में मौजूद लइकन के चॉकलेट दे के दुलारों कइलीं। ओइजा से मुख्यमंत्री अपने गृह जनपद गोरखपुर पहुंचले जहवां गोरखनाथ मंदिर में ओहां के आजु राति में विधि विधान से महानिसा क पूजा करिब। मुख्यमंत्री बिहने मंदिर में कन्या पूजन के साथहीं विजय दसमी के दिन बारह अक्टूबर के गोरखनाथ मंदिर से मानसरोवर मंदिर ले निकरे वाले सोभा जतरो में सामिल होइहें।

**********

प्रदेस सरकार कृषि यंत्रीकरण के सज्जों योजनन में कृषियंत्र, कृषि रक्षा उपकरण, कस्टम हायरिंग सेंटर, हाईटेक हब फॉर कस्टम हायरिंग, थ्रेसिंग फ्लोर अउर छोटहन गोदामन पर किसानन के अनुदान देई। एकरे खातिर तेइस अक्टूबर से बुकिंग चालू होई। कृषि विभाग के हिसाबि से दस हजार ले क अनुदान वाले सज्जों कृषि यंत्रन, कृषि रक्षा उपकरण खातिर आवेदक कृषि विभागे पोर्टल पर बुकिंग कई सकिहें। अवेदक अपने चाहे परिवार के मोबाइल से आवेदन कई सकिहें।

**********

पूरबी उत्तर प्रदेस के गोरखपुर, महराजगंज, देवरिया अउर कुशीनगर के लेके चउदह जिलन में मखाना क खेती कइल जाई, जेकरे खातिर सरकार किसानन के अनुदान देई। कुशीनगर क जिला उद्यान अधिकारी कृष्ण कुमार बतउलें कि जिला में तेरह हेक्टेयर जमीनि पर मखाना क खेती करवलें क लक्ष्य तय कइल गइल हौ। श्री कुमार बतउलें कि सरकार मखाना क खेती वाले करे वाले किसानन क प्रति हेक्टेयर चालीस हजार रूपिया क अनुदान देई।

**********

प्रदेस क औद्योगिक मंत्री नन्द गोपाल गुप्ता नंदी आजु मिर्जापुर के कलेक्ट्रेट सभागार में जनप्रतिनिधियन अउर अधिकरियन के साथे बइठकी कइ के कार्यन क प्रगति जचलें। उहां के अधिकरियन के निरदेस दिहलीं कि सज्जों विकास परियोजना समय पर पुरहर गुणवत्ता के साथे पूरा कइल जाए। लोगिन के समेस्या के गंभीरता से सुनल जाए अउर उनकर समय से गुणवत्ता के साथे निस्तारण कइल जाए। बइठकी के बादे औद्योगिक मंत्री विंध्याचल धाम पहुंच  के माँ विंध्यावासिनी देवी क दरसन पूजन कइलें।

**********

जानल–मानल उद्योगपति अउर समाज सेवी रतन टाटा क आजु संझा मुम्बई के वरली में समसान घाट पर राजकीय सम्मान के साथे अंतिम संस्कार कइल गइल। येह दौरान गृह मंत्री अमित शाह के लेके कइ गो जन प्रतिनिधि, उद्यमी अउर टाटा समूह क अधिकारी अउर करमचारी मौजूद रहलें। भिन्नहियें से ओनकरे पार्थिव सरीर के आखिरी दरसन बदे मुम्बई में लोगिन क तांता लागल बा। छियासी बरिस के उमिरि में काल्हि मुम्बई के एगो अस्पताले में पद्म विभूषण रतन टाटा क सरगबास हो गइल रहे। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के लेके कइ गो अउरियो गणमान्य लोगि श्री रतन टाटा के सरगबास पर सोक जतवले हवें।

**********

सारदीय नवरातर के मौका पर प्रदेस के सज्जों जिलन में दुर्गा पूजा क परब धूम–धाम से मनावल जा रहल हवे। पूजा पण्डालन में माँ दुर्गा क दरसन बदे सरधलुअन क कतार लागल बा। बनारस, अजोध्या, मिर्जापुर, बलरामपुर के लेके कई गो जिलन के मंदिरन में भिन्न्ही से सरधालु माँ दुर्गा क दरसन पूजन कइ रहल हवें। ओहीं मथुरा, झांसी, प्रयागराज, कानपुर, बलरामपुर, गोरखपुर, बस्ती, देवरिया के लेके कई गो जिलन में लागल मेलवों में लोगिन का भारी भीड़ देखल जा रहल हवे। आजु संझा महानिसा के पूजा के बादे ब्रती लोग बिहने हवन पूजन के सथहीं कन्या पूजन कइ के नौ दिन क अनुष्ठान पूरा करिहें। अगिला दिन्ने विजय दसमी के मौका पर सोभा जतरा निकारल जाइ सथहीं दुर्गा प्रतिमा क बिसरजनों सुरू हो जाइ। दुर्गा पूजा के लेके सज्जों जिलन में पुलिस अउर प्रसासन सतर्क हवे अउर सुरक्षा क कड़ेर इतेजाम कइल गइल हवे।

**********